

**PENGARUH MODEL *PROJECT-BASED LEARNING* (PjBL)  
BERBANTUAN QUIZIZZ TERHADAP HASIL BELAJAR  
MATEMATIKA PESERTA DIDIK KELAS V SD**

**RINGKESAN**

Panalungtikan ieu dilatarbelakangi ku rendahna hasil diajar matematika peserta didik kelas V di SDN 104 Langensari Senanggalih. Hal ieu disababkeun ku dominasi metode ceramah anu sifatna konvensional, kurangna keterlibatan aktif peserta didik dina prosés palatihan, sarta can optimalna pamakean modél jeung média palatihan. Tujuan tina panalungtikan ieu nya éta pikeun (1) nyaho gambaran prosés palatihan, (2) nyaho bédana hasil diajar, sarta (3) nyaho pangaruh modél *Project-Based Learning* (PjBL) nu dibantu ku aplikasi Quizizz kana hasil diajar matematika peserta didik. Panalungtikan ieu ngagunakeun métode kuantitatif kalayan desain *quasi experiment* wangun *nonequivalent control group design*. Sampel panalungtikan terdiri tina dua kelas, nyaéta kelas eksperimen nu ngagunakeun modél PjBL dibantuan ku Quizizz jeung kelas kontrol nu ngagunakeun metode konvensional, masing-masing jumlahna 25 peserta didik. Instrumen nu dipaké dina panalungtikan ieu nyaéta tés hasil diajar, lembar observasi, jeung wawancara. Tés dipasihkeun dina waktos saméméh jeung sanggeus perlakuan, sedengkeun wawancara dipaké pikeun nguatkeun data ngeunaan prosés palatihan. Téknik analisis data dilakukeun ku bantosan perangkat lunak *IBM SPSS 29 for Mac*. Hasil panalungtikan nunjukkeun yén: (1) prosés palatihan ku modél PjBL dibantuan ku Quizizz lumangsung kalayan lancar, éféktif, sarta mampu ningkatkeun keterlibatan aktif peserta didik; (2) hasil diajar matematika peserta didik anu ngagunakeun modél PjBL dibantuan ku Quizizz leuwih hadé batan peserta didik anu diajar ku metode konvensional; sarta (3) aya pangaruh anu signifikan tina panerapan modél PjBL dibantuan ku Quizizz kana hasil diajar matematika, kalayan nilai *effect size* 1,526 anu kaasup kana kategori luhur. Ku kituna, modél PjBL dibantuan ku Quizizz kabuktian éféktif pikeun ningkatkeun hasil diajar matematika di sakola dasar.

**Kecap Pamageuh:** Hasil Diajar, Matematika, Diajar Berbasis Proyék, Quizizz, Murid Sakola Dasar